

# Rezime Avantaj yo



## Mèsi paske w enterese nan plan Medicare Advantage nou yo

HealthSun Health Plans ofri avantaj pou ede w rete an sante pandan ke lap pwoteje w kont depans inatandi. Plan sa a gen ladan avantaj lopital, medikal ak medikaman ou nan yon sèl plan.

### Medicare Advantage ak Pati D

**Ane Plan:** 1ye Janvyè – 31 Desanm, 2025

**Florida**

Konte Broward, Miami-Dade

**HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)**

# HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

## HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

Zòn sèvis nou an gen ladan konte sa yo nan FL: Broward, Miami-Dade.

### Ou gen kesyon?

Ou ka aprann plis sou sit entènèt nou an, [www.healthsun.com](http://www.healthsun.com). Tanpri rele nou gratis **1-877-336-2069** (TTY: **711**). Orè yo se 8 a.m. pou rive 8 p.m., sèt jou pa semèn (eksepte Jou Thanksgiving ak Nwèl) soti 1ye oktòb jiska 31 mas, ak Lendi rive Vandredi (eksepte jou ferye) soti 1ye avril jiska 30 septanm.

*Rezime Avantaj yo pa enkli tout sèvis, limit, oswa esklizyon, men Prèv Asirans la fè sa. Jis rele nou pou mande yon kopi.*

## Sa a se yon Plan Doub Elijibilite Pou Bezwen Espesyal (D-SNP)

HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP) se yon plan Medicare Advantage. Pou rantre nan plan sa a, egzijans sa yo dwe aplike pou ou<sup>7</sup>:

- Ou gen dwa pou jwenn Medicare Pati A.
- Ou enskri nan Medicare Pati B ak Ajans pou Administrasyon Swen Sante (pwogram Medicaid eta a).
- W ap viv nan zòn sèvis nou an.

### Elijibilite

Pou w ka enskri nan plan sa a, ou dwe resevwa tou yon sèten nivo Èd nan men Ajans pou Administrasyon Swen Sante (pwogram Medicaid eta a) jan sa dekri anba a:

---

<sup>7</sup> Plan sa a disponib pou nenpòt moun ki gen Asistans Medikal nan men Eta a ak Medicare.

# HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

## HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

- Si ou genyen **Asirans Medicaid konplè (Avantaj Konplè pou Moun ki Kalifye pou Toude Pwogram yo (FBDE))** estati ou kalifye pou pwogram Ajans Administrasyon swen sante a. Sa ka kouvri pati pa ou a nan depans Medicare yo, tankou prim yo pou Pati A ak Pati B, dediktib, ko-asirans ak kopeman.
- Si ou genyen **Moun Andikape Kalifye k ap Travay (QDWI)** estati, ou kalifye pou pwogram Ajans Administrasyon Swen Sante, ki peye prim Medicare Pati A ou a.
- Si ou genyen estati **Benefisyè Medicare Kalifye (QMB)** ou kalifye pou pwogram Ajans Administrasyon Swen Sante ki peye prim Medicare ou yo, dediktib ou, ak depans pataje, Eksepte pou Medicaid Pati D.
- Si ou genyen estati **Benefisyè Medicare Kalifye plis (QMB+)** ou kalifye pou pwogram Ajans Administrasyon Swen Sante ki peye prim Medicare ou yo, dediktib ou, ak depans pataje. Ou kalifye tou pou resevwa tout avantaj Medicaid yo.
- Si ou genyen estati **Benefisyè Espesifye Medicare pou Ti Revni (SLMB)** ou kalifye pou pwogram Ajans Administrasyon Swen Sante. Sa a peye prim Medicare Pati B ou a.

- Si ou genyen estati **Benefisyè Espesifye ti revni Medicare Plus (SLMB+)** ou resevwa èd pou peye prim Pati B ou yo. Ou kalifye tou pou tout avantaj Medicaid yo. Nan kèk sitiyasyon, ou ka resevwa asistans nan men pwogram Medicaid eta w la pou ede w peye pati frè Medicare pa w la. Si Medicare ak Medicaid garanti sèvis la, pataj frè w la ta ka \$0. Gendwa gen moman kote ou responsab pataj pri si yon sèvis oswa yon avantaj pa kouvrii bò kote Medicaid.
- Si ou genyen estati **Endividi ki Kalifye (QI)** ou kalifye pou pwogram Ajans Administrasyon Swen Sante a. Sa a peye prim Medicare Pati B ou a.

### Asirans Medicare ki depase Original Medicare

- Plan Medicare Advantage kouvri tout bagay Original Medicare kouvri — Pati A (sèvis lopital yo) ak Pati B (sèvis medikal yo) — ak plis ankò.
- Plan Medicare Advantage Medikaman Sou Preskripsyon kouvri medikaman Pati D ak Pati B Medicare yo.
- Si kalifikasyon pou Medicaid chanje, depans ou ka chanje tou. Ou dwe resètifye enskripsyon Medicaid ou a pou kontinye resevwa kouvèti Medicare pataje-depans ou.

## Èske PCP ou nan rezo doktè plan nou an?

Si w bezwen chanje Doktè Swen Prensipal ou (PCP), rele nou epi n ap ede. Doktè yo ka antre nan oswa kite rezo a nenpòt kilè, kidonk tcheke si yo nan rezo a ak zouti "Jwenn yon Doktè" (Find a Doctor) sou entènèt nou an. Sèlman swiv etap yo ki nan lis anba a.

## Kijan pou w jwenn yon doktè/PCP nan plan nou an:

- Ale nan [www.healthsun.com](http://www.healthsun.com)
  1. Selekt **Jwenn yon Pwofesyonèl swen sante**.
  2. Antre kòd postal ou.
  3. Ranpli detay yo (Rechèch pa espesyalite, non doktè, distans, elatriye).
  4. Asire ke w verifye doktè a " Ap aksepte nouvo pasyan".
- Oswa ou ka mande nou pou *Anyè pwofesyonèl swen sante yo*. Nimewo telefòn lan nan paj 2.



## Jwenn yon famasi

Plan nou yo gen ladan majorite famasi nan Amerik, kidonk ou gen anpil chans jwenn youn toupre ou. Si famasi ou a pa nan plan sa a, ou ka fini pa peye plis pou medikaman ou yo.

Pou konfime famasi ou la nan plan an (oswa jwenn yon nouvo) gade *Anyè famasi a* sou sitwèb nou an nan [www.healthsun.com](http://www.healthsun.com).

## Kijan pou tcheke si preskripsyon ou yo (oswa yon altènatif akseptab) kouvri:

- Vizite [www.healthsun.com](http://www.healthsun.com)
  1. Schwazi **Plan & Kouvèti (Plans and Coverage)**
  2. Chwazi **Avantaj Medikaman Preskripsyon (Prescription Drug Benefits)**
  3. Desann piba nan **Fòmilè Medikaman Preskripsyon (Prescription Drug Formularies)**
  4. Chwazi **Fòmilè Medikaman Preskripsyon (Prescription Drug Formulary)**
  5. Jwenn preskripsyon ou
- Ou ka rele nou tou nan nimewo ki nan paj 2 a pou yon kopi *Fòmilè*.



Pou plis enfòmasyon sou Medicare, ou ka li manyèl Medicare & You. Si ou pa gen yon kopi bwochi sa a, ou ka jwenn aksè a li sou Entènèt sou sitwèb Medicare la ([www.medicare.gov/medicare-and-you](http://www.medicare.gov/medicare-and-you)) oswa mande yon kopi lè w rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 sou vennkat, 7 jou sou sèt. Itilizatè TTY yo ta dwe rele 1-877-486-2048.



# Rezime avantaj medikal 2025

## HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

### Konbyen prim mwen ye (peman chak mwa)?

**\$0.00** pa mwa

Pou moun ki enskri nan D-SNP ajans Medicaid eta a ka kouvri prim Pati B a.

### Konbyen dediktib mwen an ye?

Plan sa a pa gen yon dediktib medikal.

Dediktib Pati D a pa aplike pou ou.

### Èske gen yon limit sou konbyen mwen pral peye pou sèvis medikal ki kouvri yo? (pa enkli medikaman Pati D yo)

**\$3,450.00** pa ane de doktè yo ak enstalasyon nan plan nou an

Menm jan ak tout plan sante Medicare, plan nou an pwoteje ou lè gen limit chak ane sou depans nan pòch ou pou swen medikal ak lopital.

Sèvis ou resevwa nan men doktè oswa etablisman nan plan nou an ale nan limit chak ane ou. Si ou rive nan limit depans ki soti nan pòch, ou p ap gen pou peye okenn frè pou sèvis Pati A ak Pati B ki garanti yo pou rès ane a.

### Lopital Pasyan ki Entènè<sup>1,2</sup>

Etablisman nan plan nou an: **\$0.00** kopeman pou chak sejou

Plan nou an kouvri 90 jou pou yon sejou lopital.

Plan nou an kouvri tou 60 "jou rezèv pou tout lavi." Sa yo se jou "anplis" ke nou kouvri. Si sejou lopital ou pi long pase 90 jou, ou ka itilize jou siplemantè sa yo. Yon fwa ou fin itilize 60 jou siplemantè sa yo, kouvèti asirans ou nan lopital pou pasyan ki entènè yo ap limite a 90 jou.



## HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

### Lopital pou pasyan ekstèn<sup>1,2</sup>

Doktè ak etablisman nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

### Sant chirijikal anbilatwa<sup>1,2</sup>

Doktè ak etablisman nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

### Vizit Nan Klinik Doktè

#### Vizit kay doktè swen prensipal (PCP):

PCP nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

#### Vizit Espesyalis: <sup>1,2</sup>

Doktè nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

## HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

### Swen Prevantif Depistaj

#### Swen Prevantif Depistaj: <sup>1,2</sup>

Doktè nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

#### Swen prevantif depistaj ki kouvri:

- Depistaj aneurism ayòtik abdominal
- Depistaj ak konsèy pou move itilizasyon alkòl
- Vizit Bilan "Sante" Anyèl
- Mezire mas zo
- Depistaj kansè nan tete (mamogram)
- Maladi kadyovaskilè (terapi konpòtman)
- Depistaj kadyovaskilè
- Depistaj kansè nan matris ak nan vajen
- Depistaj kansè kolorektal (kolonoskopi, tès san kache nan matyè fekal, sigmoidoskopi fleksib)
- Depistaj depresyon
- Pwogram prevansyon dyabèt
- Depistaj ak siveyans dyabèt
- Depistaj VIH
- Depistaj kansè nan poumon
- Sèvis medikal terapi nitrisyon
- Depistaj obezite ak konsèy
- Depistaj kansè pwostat (PSA)
- Depistaj enfeksyon seksyèlman transmisib ak konsèy
- Konsèy pou sispann itilize tabak (konsèy pou moun ki pa gen okenn siy maladi ki gen rapò ak tabak)
- Vaksen, ki gen ladan vaksen kont grip, epatit B, nemokòk ak COVID-19 piki
- Swen vizyon
- Vizit prevantif "Byenveni nan Medicare" (yon sèl fwa)

Nenpòt sèvis prevantif siplemantè Medicare apwouve pandan ane kontra a pral kouvri. Lè w itilize doktè nan plan nou an, **100%** nan depans pou tès depistaj swen prevantif yo kouvri.

## HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

### Swen Ijans

**\$0.00** kopeman

#### Kouvèti Mondyal pou Swen Ijans ak Swen Ijan

**\$0.00** kopeman

Plan sa a kouvri swen ijan ak sèvis ijans, ki gen ladan transpò ijans, lè w ap vwayaje andeyò Etazini pou mwens pase sis mwa. Avantaj sa a limite a **\$100,000** pou chak ane.

### Sèvis Ijan Ki Nesesè

**\$0.00** kopeman

### Sèvis Dyagnostik, Laboratwa, Ak Imajri<sup>1,2</sup>

#### Sèvis Radyoloji Dyagnostik

Change to: Eskanografi Tès Tomografi Konpitè (CT), Imaj Reyon Mayetik (MRI), Angyografi Reyon Mayetik (MRA), Tès Emisyon Pozitron (PET) nan Klinik doktè nan plan nou an:

\$0.00 kopeman

Eskanografi CT, MRI, MRA, PET nan Etablisman pou pasyan ekstèn nan plan nou an:

\$0.00 kopeman

Sonografi nan Klinik doktè a nan plan nou an:

\$0.00 kopeman

Sonografi nan Etablisman pou pasyan Ekstèn nan plan nou an:

\$0.00 kopeman

#### Tès Dyagnostik ak Pwosed yo

Klinik doktè nan plan nou an:

\$0.00 kopeman

Etablisman pou pasyan ekstèn nan plan nou an:

\$0.00 kopeman

## HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

### Sèvis Dyagnostik, Laboratwa, Ak Imajri<sup>1,2</sup>

#### Sèvis Laboratwa

Klinik doktè nan plan nou an:

\$0.00 kopeman

Etablisman pou pasyan ekstèn  
nan plan nou an:

\$0.00 kopeman

#### Radyografi pou Pasyan Ekstèn

Klinik doktè nan plan nou an:

\$0.00 kopeman

Lopital oswa etablisman pou pasyan  
ekstèn nan plan nou an:

\$0.00 kopeman

Etablisman endepandan oswa sèvis  
radyografi pòtab adomisil nan plan nou an:

\$0.00 kopeman

#### Sèvis Radyoloji Terapetik

(tankou tretman radyasyon pou kansè)

Doktè ak etablisman nan plan nou an:

\$0.00 kopeman

### Sèvis Oditif

**Sèvis oditif ki kouvri nan Medicare** (Egzamen pou fè dyagnostik ak trete pwoblèm tande ak balans):

Doktè nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

## HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

### Sèvis Oditif

#### Sèvis oditif woutin:

Plan sa a kouvri 1 egzamen oditif woutin chak ane. Plan sa a kouvri 1 evalyasyon woutin pou adapte aparèy oditif ak **\$2,000** avantaj maksimòm plan pou 2 aparèy oditif preskri chak ane.

Doktè nan plan nou an: **\$0.00** kopeman pou egzamen oditif woutin (yo).  
**\$0.00** kopeman pou aparèy oditif jiska kantite maksimòm avantaj plan an.

Aparèy oditif, ak ajisteman oswa evalyasyon pou aparèy oditif, pa bezwen otorizasyon davans oswa yon referans.

### Sèvis Dantè

**Sèvis dantè Medicare kouvri** (sa pa enkli sèvis pou swen, tretman, amalgam, retire oswa ranplasman dan):<sup>1</sup>

Doktè ak dantis nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

#### Prevantif ak Konplè<sup>1</sup> Alokasyon Konbine Dantè

Plan sa a kouvri jiska **\$5,000** alokasyon pou sèvis dantè prevantif ak konplè chak ane.

Nenpòt kantite lajan ki pa itilize nan fen ane sivil la ap ekspire. Restriksyon aplike pou Sèvis Prevantif e Konplè anba alokasyon konbine an.

#### Sèvis dantè prevantif:

Dantis nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

Plan sa a kouvri: 2 egzamen, 2 netwayaj pwofilaksis, 2 tretman fliyò, 2 radyografi dantè peryapikal chak ane, 2 seri radyografi bitewing chak ane, ak 1 radyografi panoramik chak twazan.

## HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

### Sèvis Dantè

#### Sèvis dantè konplè:<sup>1</sup>

Doktè ak dantis nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

Plan sa a kouvri jiska: 4 amalgam oswa ranplisaj rezin chak ane, 2 kouwòn chak ane, 2 kanal rasin chak ane, 1 dekalè peridontal/rabotaj rasin pou chak kadran chak ane, 1 debridman bouch konplè chak 24 mwa youn apre lòt, 2 antretyen peryodontal chak ane, 2 enplantasyon chak ane, 4 pwosedi enkli ekstraksyon oswa retire rasin rezidyèl dan chak ane, 1 konplè fo dan oswa yon pasyèl nan machwa anwo a (chak vout) chak 3 zan, ak 1 fo dan konplè oswa yon pasyèl nan machwa anba a (chak vout) chak 3 zan. Lòt sèvis jeneral adjwen, enkli anestezi lokal an konjonksyon avèk pwosedi operasyon oswa chirijikal.

Tanpri gade *Prèv Kouvèti* a pou jwenn yon lis konplè avantaj, limit, ak esklizyon dantè yo.

Pou jwenn yon pwofesyonèl swen dantè nan plan nou an, swiv menm etap tankou «Kijan pou jwenn yon pwofesyonèl swen sante. PCP nan plan nou an" bwat ki nan kòmansman bwochi sa a. Answit, chwazi **Dantè (Dental)** anba **Rechèch pa espesyalite (Search by specialty)**.

### Sèvis Vizyon

#### Sèvis vizyon ki kouvri pa Medicare:

##### Egzamen pou dyagnostike ak trete maladi ak kondisyon nan zye

Doktè yo nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

##### Linèt oswa lantiy kontak apre operasyon katarak

Doktè yo nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

## HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

### Sèvis Vizyon

#### Sèvis vizyon woutin:

##### Egzamen vizyon woutin

Plan sa a kouvri 1 egzamen woutin zye chak ane.

Doktè yo nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

##### Linèt woutin (Lantiy ak monti)

Plan sa a kouvri jiska **\$400** pou linèt oswa lantiy kontak chak ane.

Doktè yo nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

### Swen Sante Mantal

#### Vizit pasyan entènè: <sup>1,2</sup>

Doktè ak etablisman nan plan nou an: **\$0.00** kopeman pou chak sejou

Plan nou an gen yon limit 190 jou pou tout lavi pou swen sante mantal pasyan ki entènè nan yon lopital sikyatrik. Limit sa a pa aplike pou sèvis sante mantal yo bay pasyan ki entènè nan yon lopital jeneral.

Plan nou an kouvri 90 jou pou yon sejou lopital.

Plan nou an kouvri tou 60 "jou rezèv pou tout lavi." Sa yo se jou "anplis" ke nou kouvri. Si sejou lopital ou pi long pase 90 jou, ou ka itilize jou siplemantè sa yo. Yon fwa ou fin itilize 60 jou siplemantè sa yo, kouvèti asirans ou nan lopital pou pasyan ki entènè yo ap limite a 90 jou.

#### Sèvis terapi endividyèl ak gwoup pou pasyan ekstèn: <sup>1,2</sup>

Doktè ak etablisman nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

## HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

### Etablisman Enfimyè kalifye (SNF)<sup>1,2</sup>

Doktè ak etablisman nan plan nou an: **\$0.00** kopeman pou chak sejou

Plan nou an kouvri jiska 100 jou nan yon etablisman enfimyè kalifye (SNF).

### Terapi Fizik<sup>1,2</sup>

Doktè ak etablisman nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

### Anbilans<sup>1</sup>

#### Anbilans ATè/Sou Dlo:

Sèvis transpò ijans nan plan nou an: **\$0.00** kopeman pou chak vwayaj

#### Anbilans Anlè:

Sèvis transpò ijans nan plan nou an: **\$0.00** kopeman pou chak vwayaj

### Transpò<sup>1,2</sup>

**\$0.00** kopeman. Plan sa a ofri kouvèti pou vwayaj transpò woutin san limit chak ane pou ale kote ki gen rapò ak sante. Epitou 6, vwayaj woutin transpò ale senp chak ane nan kote ki pa gen rapò ak sante, ke plan an apwouve.



## HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

### Medicare Pati B Medikaman

#### Ensilin founi a travè yon ponp ensilin:

Medikaman ou jwenn nan men doktè ak etablisman nan plan nou an:  
**\$0.00** kopeman - **\$35.00** kopeman

#### Lòt Medikaman Pati B:<sup>1</sup>

Medikaman doktè ak etablisman yo preskri nan plan nou an:  
**\$0.00** kopeman - **20%** koasirans

#### Medikaman chimyoterapi:<sup>1</sup>

Medikaman doktè ak etablisman yo preskri nan plan nou an:  
**\$0.00** kopeman - **20%** koasirans

Kopeman minimòm lan aplike pou yon seleksyon medikaman Medicare Pati B garanti tankou ensilin Medicare Pati B, medikaman chimoterapi/radyasyon, ak lòt medikaman Pati B ki administre pa ekipman medikal dirab, ki gen ladan preskripsyon kòmande pa lapòs, epi ki founi nan yon famasi oswa yon kote chwazi pou jere maladi kwonik.

Pataje pri maksimòm lan aplike pou medikaman Medicare Pati B madikaman ensilin, Medicare Pati B chimyoterapi/medikaman radyasyon, ak lòt medikaman Pati B ki administre nan klinik yon doktè oswa lopital kòm yon sèvis pou pasyan ekstèn.

Ou ka wè pri ki pi ba nan pòch pou sèten chimyoterapi ak medikaman Pati B ak pri ki te ogmante pi vit pase to enflasyon an.

**Avi:** Si w kalifye pou asistans pataje pri Medicare anba Medicaid, ou pa peye anyen pou medikaman Medicare Pati B ou yo.

# Avantaj adisyonèl

## HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

### Akiponkti

#### Sèvis akiponkti ki kouvri nan Medicare:<sup>1,2</sup>

Doktè nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

Disponib pou moun ki gen doulè nan do kwonik nan sèten sikonstans. Tanpri gade nan *Prèk Kouvèti* pou plis enfòmasyon.

### Treman Altènatif: Plasma ki rich ak plakèt (PRP) pou Jesyon Doulè Osteyoatrit Jesyon<sup>1,2</sup>

**\$0.00** kopeman pou piki Plasma ki Plakèt-Rich pou tretman blesi oswa maladi nan nenpòt pati nan kò a pou pa plis pase twa mwa swivi jiska de fwa pa ane nan kote plan apwouve.

### Terapi altènatif: Masaj Terapetik<sup>1,2</sup>

**\$0.00** pou 24 vizit masaj terapetik chak ane nan kote plan apwouve.

### Swen Kiwopratik<sup>1,2</sup>

#### Sèvis kiwopratik ki kouvri nan Medicare:

Doktè nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

Kouvèti Medicare enkli manipilasyon kolòn vètebral la pou korije yon sibliksasyon (lè youn oswa plizyè zo kolòn vètebral ou deplase soti nan pozisyon).

## HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

### Kouvèti Medikaman Amelyore

Plan nou an ofri kouvèti adisyonèl pou kèk medikaman sou preskripsyon ki pa nòmalman kouvri nan yon plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon. Medikaman ki garanti yo gen ladan yo:

- Kèk medikaman ki itilize pou soulaje sentòm tous ak grip.
- Kèk vitamin preskripsyon, tankou asid folik ak Vitamin D 50000 IU.
- Kèk medikaman pou malfonksyon erectile, tankou Sildenafil, oswa Tadalafil, limite a 6 tablèt chak mwa.

*Fòmilè* plan w lan gen plis enfòmasyon sou tout medikaman ki kouvri anba avantaj sa a.

### Alokasyon Opsyon Chak Jou

Avantaj sa a bay yon alokasyon depans konbine de **\$225** chak mwa sou Avantaj Mastercard® Kat Prepeye ou pou **aparèy asistans, atik manje ki elijib**, epi **sèvis piblik**.

Ou gen plizyè fason pratik pou itilize avantaj la:

- Achte nan magazen detay k ap patisipe yo ki toupre w (episri sèlman)
- Achte sou entènèt sou sit entènèt vandè apwouve a
- Achte sou aplikasyon mobil vandè apwouve a
- Rele pou fè yon kòmann
- Kòmann pa lapòs (aparèy asistans sèlman)
- Avèk founisè sèvis piblik ou a

Kantite lajan ki pa itilize, ekspire nan fen chak mwa.

### Swen Pye (sèvis podyatri)<sup>1</sup>

**Podyatrik ki kouvri nan Medicare:**

Doktè nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

## HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

### Swen Pye (sèvis podyatri)<sup>1</sup>

#### Swen pye woutin:

Doktè nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

Plan sa a kouvri: 1 vizit woutin pou swen pye chak trimès.

### Manje ki an Sante - Kondisyon kwonik<sup>1,6</sup>

**\$0.00** kopeman. Si w gen yon maladi kwonik dyagnostike, ou kalifye pou 1 repa pa jou pou jiska 20 repa pa mwa pou sipòte bezwen nitrisyonèl maladi kwonik ou a.

Manje yo bay nan lokal k ap patisipe yo.

### Manje ki an Sante - Apre Egzeyat

**\$0.00** kopeman pou jiska 3 repa pa jou pandan 14 jou apre ou egzeyate lopital oswa de etablisman enfimye kalifye (SNF).

Maksimòm de evènman ki kalifye pou chak ane.

### Swen Sante Adomisil<sup>1,2</sup>

Doktè ak etablisman nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

### Ekipman Medikal/Founiti

**Ekipman medikal dirab** (chèz woulant, oksijèn, elatriye):<sup>1</sup>

Founisè nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

## HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

### Ekipman Medikal/Founiti

**Founiti medikal ak aparèy pwotèz** (atèl, manm atifisyèl, elatriye):<sup>1</sup>

Founisè nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

**Founiti ak sèvis pou dyabetik:**<sup>1</sup>

Founisè nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

Pwodwi pou dyabetik ki kouvri yo enkli: monitè glikoz, bann tès, ak lansèt. Gade *Prè Asirans* ou a pou tout atik ki kouvri yo.

### Reyabilitasyon pou pasyan ekstèn

**Sèvis reyabilitasyon kadyak (kè)** (avèk yon limit 2 sesyon inèdtan pa jou ak yon maksimòm 36 sesyon nan yon peryòd 36 semèn):<sup>1,2</sup>

Doktè ak etablisman nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

**Sèvis reyabilitasyon pilmonè (poumon)** (avèk yon limit 2 sesyon inèdtan pa jou ak yon maksimòm 36 sesyon):<sup>1,2</sup>

Doktè ak etablisman nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

**Vizit ègoterapi:**<sup>1,2</sup>

Doktè ak etablisman nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

### Toksikomani Pasyan Ekstèn<sup>1,2</sup>

**Vizit Terapi Endividyèl e Gwoup:**

Doktè ak etablisman nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

## HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

### Medikaman San Preskripsyon

Plan sa a kouvri sèten medikaman san preskripsyon ak atik ki konsène sante ki apwouve, jiska **\$128** chak mwa. Kantite lajan OTC ki pa itilize ekspire nan fen chak mwa. Katalòg kòmman yo limite a yon sèl pa mwa.

Pou revize yon lis atik kouvri ki vann san preskripsyon, mande reprezantan lavant ou a yon kopi Katalòg OTC, oswa rele nou nan nimewo ki nan paj 2 a. Ou ka vizite tou **www.HealthSun.com** pou jwenn lis pwodwi OTC ki kouvri yo.

### Sistèm Repons pou Ijans Pèsonèl (PERS)

Gen ladan aparèy siveyans la ak sèvis siveyans. Pou kòmanse ak enstale sèvis yo, rele nou. Nou ka ede w.

### Dyaliz Ren<sup>1,2</sup>

Doktè ak etablisman nan plan nou an: **\$0.00** kopeman

### SilverSneakers<sup>®†</sup> Pwogram Kondisyonman fizik

Lè ou fè pati manm nou yo, ou ka enskri pou SilverSneakers. Li enkli nan plan nou an. Pou aprann plis detay, ale nan **www.silversneakers.com** oswa rele SilverSneakers nan 1-855-741-4985 (TTY: 711), Lendi rive Vandredi, 8 a.m. jiska 8 p.m. Lè Lès.

<sup>†</sup>SilverSneakers se yon mak ki anrejistre nan Tivity Health, Inc. © 2024 Tivity Health, Inc. Tout dwa rezève. Tivity Health, Inc. se yon konpayi endepandan ki ofri yon pwogram kondisyonman fizik nan non plan sa a.

## HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

### Liy pou enfimyè ki fonksyone 24/24 e 7/7 (24/7 Nurseline)

Aksè 24 sou vennkat nan yon liy enfimyè, sèt jou sou sèt, 365 jou pa ane

Sèvis ki gen yon 1 ka bezwen otorizasyon davans (apwobasyon davans) nan men plan an.

Sèvis ki gen yon 2 ka bezwen yon rekòmandasyon nan men doktè w oswa Doktè Swen Prensipal (PCP).

Pou Sèvis Dyagnostik, Laboratwa, ak Imaj ki gen yon 5, si gen yon kopeman oswa ko-asirans, minimòm lan aplike pou klinik doktè ak enstalasyon otonòm pou pasyan ekstèn. Kopeman oswa ko-asirans maksimòm lan aplike a yon etablisman lopital kòm yon sèvis pou pasyan ekstèn.

Avantaj ki gen yon 6: Avantaj ki mansyone yo se Avantaj Siplemanchè Espesyal pou Malad Kwonik (SSBCI). Ou ka kalifye pou SSBCI si ou gen yon gwo risk pou entèn lopital epi ou bezwen kowòdinasyon swen entansif pou jere kondisyon kwonik tankou Maladi ren kwonik, Twoub nan poumon kwonik, maladi kadyovaskilè, ensifizans kadyak kwonik, oswa Dyabèt. Pou jwenn yon lis konplè maladi kwonik oswa pou aprann plis sou lòt kondisyon ki nesesè pou kalifye pou avantaj SSBCI, tanpri al gade nan Chapit 4 nan Prèv Kouvèti plan an.

# Rezime avantaj Medicaid ki kouvri yo

## Sèvis disponib atravè Ajans pou Administrasyon Swen Sante:

Sèvis sa yo pa kouvri oswa yo ka pa kouvri totalman nan HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP), men yo disponib atravè Medicaid.

Pou jwenn règ kalifikasyon, èd pou kowòdone aksè ou pou avantaj sa yo, ak plis enfòmasyon sou sèvis sa yo, tanpri vizite Ajans pou Administrasyon Swen Sante.

- Sèvis alèji
- Sant sèvis chirijikal anbilatwa
- Sèvis anestezi
- Sèvis swen asiste
- Sèvis evalyasyon sante konpòtman
- Sèvis sipò kominotè sante konpòtmantal
- Sèvis entèvansyon sante konpòtmantal
- Sèvis jesyon medikaman sante konpòtmantal
- Sèvis ki kouvri sante konpòtmantal
- Sèvis terapi sante konpòtmantal
- Sèvis kadyovaskilè
- Sèvis sante timoun ki vize jesyon ka yo
- Sèvis kiwopratik
- Sèvis Depatman Sante Konte
- Sèvis dantè
- Sèvis dyaliz
- Ekipman medikal dirab ak founiti medikal
- Sèvis entèvansyon bonè
- Sèvis transpò ijans



- Evalyasyon ak sèvis jesyon
- Sèvis sant sante ki kalifye federalman
- Sèvis gastwoentestinal
- Sèvis jenitourinè
- Sèvis Oditif
- Sèvis sante Adomisil
- Sèvis lopital pou pasyan ki entène
- Sèvis tegimantè
- Sèvis laboratwa
- Sèvis medikal swen adoptif
- Jesyon ka vize sante mantal
- Sèvis newoloji
- Sèvis transpò ki pa ijans
- Sèvis etablisman retrèt
- Sèvis terapi okipasyonèl
- Sèvis operasyon oral ak maxilo-fasyal
- Sèvis òtopedik
- Sèvis lopital pou pasyan ekstèn
- Sèvis jesyon doulè
- Sèvis swen pèsònèl
- Sèvis terapi fizik
- Sèvis Podyatrik
- Sèvis medikaman preskri
- Sèvis enfimyè sèvis prive
- Sèvis radyoloji ak medikaman nikleyè
- Sèvis rejyonal sant swen entansif perinatal
- Sèvis repwodiksyon
- Sèvis sistèm respiratwa

- Sèvis terapi respiratwa
- Sèvis sante nan klinik zòn rural
- Sèvis terapetik espesyalize
- Sèvis patoloji lapawòl-langaj
- Pwogram sikyatrik eta a pou pasyan ki entène
- Sèvis transplant
- Sèvis èd vizyèl
- Sèvis swen vizyèl

Kategori ki anwo yo pa konsidere kòm yon lis konplè avantaj yo epi li sijè a kouvèti a ak polis limit ki nan kontra Medicaid ou a.


### **Depans pataje ak pwoteksyon pou tout manm yo**

Ou ka pataje peman pou avantaj Medicare ki kouvri yo oswa ou ka kalifye pou resevwa èd atravè Medicaid. Ou p ap gen kopeman pou preskripsyon ki kouvri anba avantaj Medicare Pati D pou medikaman.

Si w resevwa swen nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa gen kontra, pwofesyonèl swen sante sa a ka pa konprann plan an oswa règ ki reji bòdwo sa yo. Si w resevwa yon bòdwo pou sèvis Medicare kouvri, tanpri rele Sèvis Kliyan an nan nimewo telefòn ki endike sou kat idantite plan w la.

### **Gen Kesyon?**

Sa ou peye pou sèvis ki kouvri yo ka depann de nivo kalifikasyon ou nan Medicaid. Si w gen kesyon sou kalifikasyon w pou Medicaid ak ki avantaj ou gen dwa, tanpri rele: **1-877-711-3662**, 8:00 a.m. - 8:00 p.m. Lè Lès, Lendi, Jedi, 8:00 a.m. - 7:00 p.m. Lè Lès, Madi, Mèkredi, Vandredi. Itilizatè TTY yo ta dwe rele 1-866-467-4970.



## Rezime kouvèti medikaman sou preskripsyon 2025

**Ou pa peye anyen (\$0) pou medikaman  
Pati D pou tout ane a.**

Ka gen limit sou kalite medikaman ki kouvri yo. Gade lis medikaman HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP) ki kouvri yo (fòmilè), nan [www.healthsun.com](http://www.healthsun.com) pou plis enfòmasyon.

# Fason nou sipòte sante ou

## Pwogram Direktiv Alavans

Antanke manm plan nou an, w ap gen aksè a resous planifikasyon swen avanse sou entènèt pou kreye yon direktiv avanse kote ou ka konbine eleman yon:

- Testaman vivan.
- Pwokirasyon medikal.
- Fòm pa eseye fòm reanimasyon.
- Fòm don ògàn.

Ou ka kreye pwòp plan swen dijital ou e menm enkli dosye videyo ak odyo. Si ou deja prepare dokiman sa yo, ou ka estoke yo epi asire w ke yo ap pataje ak doktè w yo ak pwofesyonèl swen sante ou yo 24 sou vennkat, sèt jou sou sèt. Ou ka ajoute nouvo enfòmasyon nenpòt ki lè eta sante w oswa dezi w ta ka chanje.

Hay disponibles servicios de traducción; póngase en contacto con el plan o su agente.

Si w bezwen swen ijans oswa swen ijan, rele 911 oswa ale nan doktè oswa etablisman ki pi pre a ki ka ede w. Dòdinè, ou dwe itilize doktè nan plan nou an pou resevwa swen medikal ki kouvri eksepte pou ijans ak swen ki nesèsè ijan lè doktè nan plan nou an pa disponib oswa sèvis dyaliz lè w pa nan zòn sèvis la. Si w resevwa swen woutin nan men doktè andeyò plan nou an, ni Medicare ni HealthSun Health Plans p ap peye pou li.

Avantaj ki gen yon 6 yo: Avantaj ki mansyone yo se Avantaj Siplemanchè Espesyal pou Malad Kwonik (SSBCI). Ou ka kalifye pou SSBCI si ou gen yon gwo risk pou entèn lopital epi ou bezwen kowòdinasyon swen entansif pou jere kondisyon kwonik tankou Maladi ren kwonik, Twoub nan poumon kwonik, Twoub kadyovaskilè, ensifizans kadyak kwonik oswa dyabèt. Pou jwenn yon lis konplè maladi kwonik oswa pou aprann plis sou lòt kondisyon ki nesèsè pou kalifye pou avantaj SSBCI, tanpri al gade nan Chapit 4 nan *Prèy Kouvèti plan an*.

Avantaj Mastercard® Kat Prepeye la se The Bancorp Bank N.A., Manm FDIC ki bay li, dapre lisans Mastercard International Incorporated epi yo ka itilize kat la pou depans ki elijib nenpòt kote yo aksepte Mastercard. Valab sèlman nan peyi Etazini Pa gen aksè a lajan kach. Sa a se pa yon kat kado oswa yon sètifika kado. Ou te resevwa kat sa a kòm yon gratwite san w pa peye okenn valè lajan oswa konsiderasyon.

HealthSun Health Plans se yon plan HMO D-SNP ki gen yon kontra Medicare ak yon kontra Medicaid ak Ajans Eta Florida pou Administrasyon Swen Sante. Enskripsyon nan HealthSun Health Plans yo depann de renouvèlman kontra a.

